## QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ DEMOGRAFIYALÍQ JAĞDAYÍ

*(2021-jıl yanvar- dekabr ayları ushın, dáslepki mağlıwmatlar)*

Qaraqalpaqstan Respublikasınıń turaqlı xalıq sanı 2022-jıl 1- yanvar jağdayına **1948,5** mıń adamdı qurap, 2021-jıl basınan **24,8** mıń adamğa yáki **1,3** % ke kóbeydi. Sonnan, qalalıq jerlerdegi xalıq sanı **954,3** mıń adamdı (jámi xalıq sanındağı úlesi **49,0** %), awıllıq jerlerdegi xalıq sanı **994,2** mıń adam (**51,0** %) ti quradı.

*Mıń adam*



✓**Turaqlı xalıq sanı** — **1948,5**



✓**Tuwılğanlar sanı** — **40,3**



✓**Qaytıs bolğanlar sanı** — **8,8**



✓**Nekeler sanı** — **15,7**




✓**Ajırasıwlar sanı** — **1,4**



✓**Kóship kelgenler sanı** — **11,8**



✓**Kóship ketkenler sanı** — **18,6**







| Qalalıq jerlerde | Turaqlı xalıq sanı | Awıllıq jerlerde |
|---|---|---|
| **954,3** mıń adam | **1948,5** mıń adam | **994,2** mıń adam |

**Turaqlı xalıq sanınıń qala hám rayonlar boyınsha bólistiriliwi**

*(1-yanvar jağdayına, mıń adam)*



2022- jıl 1- yanvar jağdayına kóre, respublika turaqlı xalıq sanınıń **30,7** % i miynetke jaramlı jastan kishi bolǵanlar, **59,6** % i miynetke jaramlı jastaǵılar hám **9,7** % i miynetke jaramlı jastan úlken bolǵanlarǵa tuwrı kelmekte.

**Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha tiykarǵı demografiyalıq kórsetkishler**
*(yanvar- dekabr ayları ushın, mıń adam)*

| | | 2021- jıl |
|---|---|---|
| | **Turaqlı xalıq sanı** | **1948,5** |
| | Tuwılǵanlar | 40,3 |
| | Qaytıs bolǵanlar | 8,8 |
| | Xalıqtıń tábiyǵıy ósimi | 31,5 |
| | Kóship kelgenler | 11,8 |
| | Kóship ketkenler | 18,6 |
| | Migraciya saldosı | -6,8 |
| | Dúzilgen nekeler | 15,7 |
| | Nekeden ajırasıwlar | 1,4 |
| | ***1000 xalıqqa salıstırǵanda koefficientler, promille*** | |
| | tuwılıw | 20,8 |
| | ólim | 4,5 |
| | xalıqtıń tábiyǵıy ósimi | 16,3 |
| | dúzilgen nekeler | 8,1 |
| | nekeden ajırasıwlar | 0,7 |

**Tuwılıw.** 2021-jıldıń yanvar- dekabr aylarında **40,3** mıń bala tuwılǵan bolıp, (*bul jerde hám bunnan keyin tiri tuwılǵanlar inabatqa alınadı*), sáykes túrde 1000 xalıqqa salıstırǵanda tuwılıw koefficienti **20,8** promilleni quradı hámde 2020-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 0,2 promillege kóbeygenligi gúzetildi (2020-jıldıń yanvar- dekabr aylarında 20,6 promille bolǵan).

*Maǵlıwmat ushın: tiri tuwılǵanlıq kriteriyalarınan (dem alıw, júrektiń soǵıwı, kindik pulsaciyası, muskullerdıń qısqarıwı) biri bar bolsa bala tiri tuwılǵan esaplanadı. Bunda ananıń hámiledarlıq múddeti 22 hápte hám odan artıq, balanıń boyı 25 sm hám odan artıq, awırlıǵı 500 gramm hám odan artıq bolıwı kerek.*

**Qala hám Rayonlar kesiminde tuwılǵanlar sanı hám koefficienti**

*(2021- jıl yanvar- dekabr)*



**Qaytıs bolǵanlar.** 2021-jıldıń yanvar- dekabr aylarında **8,8** mıń ólim dizimge alınǵan bolıp, sáykes túrde 1000 xalıqqa salıstırǵanda ólim koefficienti **4,5** promilleni quradı hámde 2020- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda **0,3** promillege kemeygenligi (2020- jıldıń yanvar- dekabr aylarında 4,8 promille bolǵan) gúzetildi.

**Tiykarǵı ólim sebepleri boyınsha qaytıs bolǵanlardıń bólistiriliwi**

*(2021-jıl yanvar- dekabr jaǵdayına, jámi qaytıs bolǵanlarǵa salıstırǵanda, %)*



2021-jıldıń yanvar- dekabr aylarında gúzetilgen qaytıs bolǵanlardıń 59,2 % ti qan aylanıw sisteması kselliklerinen, 10,0 % ti ósimtelerden, 7,5 % ti baxıtsız hádiyse, záhárleniw hám jaraxatlanıwlardan, 3,0 % ti awqat sińiriw aǵzaları keselliklerinen, 6,0 % ti dem alıw aǵzaları keselliklerinen, 1,5 % ti juqpalı hám parazitli keselliklerden hámde 12,8 % ti basqa keselliklerden qaytıs bolǵan.

Dizimge alınǵan 1 jasqa shekemgi qaytıs bolǵan balalar sanı 0,4 mıńdı qurap, olardıń 74,2 % ti - perinatal dáwirde júzege keletuǵın jaǵdaylardan, 7,8 % ti dem alıw aǵzaları keselliklerinen, 9,5 % ti tuwma anomaliyalardan, 1,2 % ti - baxıtsız hádiyse, záhárleniw hám jaraxatlanıwlardan, 1,2 % ti juqpalı hám parazitlı keselliklerden, 0,2 % ti awqat sińiriw aǵzaları keselliklerinen hám 5,9 % ti -basqa keselliklerden qaytıs bolǵan.

**Tábiyǵıy ósim.** 2021-jıldıń yanvar- dekabr aylarında xalıqtıń tábiyǵıy ósim **31,5** mıń adamdı qurap, 2020-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda **1,4** mıń adamǵa (*2020- jıldıń yanvar- dekabr aylarında* ***30,1*** *mıń adam bolǵan*) kóbeygen.

**Tábiyǵıy ósim — 31,5 mıń adam**



**Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha nekeler sanı**

*(yanvar- dekabr ayları ushın, mıń birlik)*




**Rayonlar kesiminde neke dúzgenlik koefficienti**

*(2021-jıl yanvar- dekabr ayları ushın, 1000 xalıqqa salıstırǵanda)*




Rayonlar boyınsha 2021-jıldıń yanvar- dekabr aylarında eń joqarı neke dúziw koefficienti (promille) **Nókis rayoninda** (10,3), **Ámiwdárya** (9,0), **Qońırat** (8,6) hám **Ellikqala** (8,5) rayonlarında gúzetildi.

Rayonlar boyınsha 2021-jıldıń yanvar- dekabr aylarında eń kem neke dúziw koefficienti (promille) **Taqıyatas** (6,5), **Qaraózek** (6,5), **Shomanay** (6,4), hám **Taxtakópir** (6,0) rayonlarında gúzetildi.



**Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha nekeden ajırasqanlar sanı haqqında maǵlıwmat**

*(yanvar- dekabr ayları ushın, birlik)*




**Rayonlar kesiminde nekeden ajırasıw koefficienti**

*(2021- jıl yanvar- sentyabr ayları ushın, 1000 xalıqqa salıstırǵanda)*




Rayonlar boyınsha 2021-jıldıń yanvar- dekabr aylarında eń joqarı nekeden ajırasıw koefficienti (promille) **Xojeli** (1,1), **Qońırat** (1,0), **Taqıyatas** (1,0) rayonlarında hám **Nókis qalasında** (0,9) gúzetildi.

Rayonlar boyınsha 2021-jıldıń yanvar- dekabr aylarında eń kem nekeden ajırasıw koefficienti (promille) Bozataw (0,6), **Qaraózek** (0,6), **Beruniy** (0,5) hám **Moynaq** (0,4) rayonlarında gúzetildi.





## Xalıqtıń migraciyası



| | 2020- jıl yanvar-dekabr | 2021- jıl yanvar-dekabr |
|---|---|---|
| **Kóship kelgenler sanı,** *adam* | 7 778 | 11 826 |
| **Kóship ketkenler sanı,** *adam* | 12 517 | 18 590 |
| **Migratsiya saldosı,** *adam* | -4 739 | -6 764 |

**Migraciya (Ishki va sırtqı migraciya qosılǵan halda).** 2021-jıl yanvar-dekabr aylarında respublika boyınsha kóship kelgenler sanı 11 826 adamdı quradı.

2021-jıl yanvar- dekabr aylarında respublika boyınsha kóship ketkenler sanı 18 590 adamdı quradı.

**Migraciya saldosı.** 2021-jıl yanvar- dekabr aylarında migraciya saldosı minus 6764 adam bolıp, 2020- jıldıń sáykes dáwirinde minus 4739 adam bolǵan.

## Qala hám rayonlar kesiminde kóship kelgenler hám kóship ketkenler sanı

*(2021-jıl yanvar- dekabr ayları ushın, adam)*

| | Kóship kelgenler sanı | Kóship ketkenler sanı | Migraciya saldosı |
|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | 11 826 | 18 590 | -6 764 |
| Nókis qalası | 4 035 | 3 662 | 373 |
| *rayonlar:* | | | |
| Ámiwdárya | 332 | 1 007 | -675 |
| Beruniy | 303 | 678 | -375 |
| Bozataw | 1 216 | 1 387 | -171 |
| Qaraózek | 173 | 647 | -474 |
| Kegeyli | 517 | 1 286 | -769 |
| Qońırat | 450 | 1 375 | -925 |
| Qanlıkól | 369 | 568 | -199 |
| Moynaq | 470 | 294 | 176 |
| Nókis | 748 | 957 | -209 |
| Taqıyatas | 612 | 866 | -254 |
| Taxtakópir | 184 | 522 | -338 |
| Tórtkúl | 512 | 706 | -194 |
| Xojeli | 841 | 1 658 | -817 |
| Shımbay | 443 | 1 611 | -1 168 |
| Shomanay | 247 | 599 | -352 |
| Ellikqala | 374 | 767 | -393 |



## Paytaxttaǵı demografiyalıq jaǵday



Qaraqalpaqstan Respublikası paytaxtı Nókis qalasınıń turaqlı xalqınıń sanı 2022- jıl 1- yanvar jaǵdayına **329,1** mıń adamdı qurap, 2021- jıl basınan **5,3** mıń adamǵa yáki **1,6** % ke ósken.




2021-jıldıń yanvar- dekabr aylarında Nókis qalasında **6,4 mıń** bala tuwılǵan bolıp, sáykes túrde tuwılıw koefficienti 1000 xalıqqa salıstırǵanda **19,5** promilleni quradı (2020-jıldıń sáykes dáwirinde **18,5** promille bolǵan).



## Nókis qalasında dúzilgen nekeler hám nekeden ajırasıwlar



**Neke.** PXAJ organlarında 2021-jıldıń yanvar- dekabr aylarında **2749** neke dizimge alındı.

1000 xalıqqa salıstırǵanda neke dúziw koefficienti **8,4** promilleni qurap, 2020-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda **3,0**promillege kóbeydi (2020-jıldıń sáykes dáwirinde **5,4** promille bolǵan).

**Nekeden ajırasıwlar.**

PXAJ organlarında 2021-jıldıń yanvar- dekabr aylarında **297** nekeden ajırasıwlar dizimge alındı 1000 xalıqqa salıstırǵanda **0,9** promilleni qurap, 2020-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda **0,2** promillege kóbeydi. 2020-jıldıń sáykes dáwirinde **0,7** promille bolǵan.




**Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarmasınıń Demografiya hám miynet statistikası bólimi**
**Tel: (61) 224-92-17   (61) 222-76-57**